

Leta Massachusetts ak Steward Health Care anonse ke Lopital Carney pral fèmen nan date 31 daout epi sispan ofri ni sèvis ijans ni sèvis lopital pou pasyan ki entène yo. Pi fo nan sèvis pou pasyan ekstèn yo pral rete oswa pral transfere nan Bilding Medikal Seton nan ki sou kanpis Lopital Carney.

Pou Pasyan Carney ak Sitwayen Lokal yo:

- Nou ankouraje moun ki resevwa swen nan Lopital Carney pou yo kontakte lopial la pou konfime pwochen randevou medikal yo.
- Pasyan Carney ki ap chèche swen nan yon lot lopital oswa yon klinik dwe mande Lopital Carney la pou ba yo dosye medikal yo. Pasyan yo ta dwe resevwa enfòmasyon pou jwenn dosye yo dirèkteman nan Carney.
- Si w ap chèche swen sante mantal ak itilizasyon sibstans, Liy Asistans pou sante mantal disponib 24/24, 7/7 la ka ede w jwenn swen. Rele oswa voye yon tèks nan **833-773-2445**.
- Prepare pou opsyon altènatif yo nan ka ijans oswa swen ijan.
 - Si oumenm oswa yon pwòch ou gen yon ijans medikal, rele **9-1-1**.
 - Pou plis enfòmasyon pou jwenn yon bon kote pou chèche swen lè w malad oswa blese, vizite **mass.gov/StewardResources**.
- Liy Asistans Sante Majistra a se yon resous nan anpil lang gratis ki ka ede rezidan yo jwenn founisè swen prensipal ak klinik, oryante yo nan asirans sante, ak plis ankò. Rele **617-534-5050** (Lendi - Vandredi, soti 9 a.m. rive 5 p.m.).

Pou Anplwaye Carney yo:

- Anplwaye Carney yo ki bezwen èd pou enskri nan asirans sante ka rele Liy Asistans Sante Majistra a nan **617-534-5050** (Lendi – Vandredi, soti 9 a.m. rive 5 p.m.).
- Si w bezwen asistans pou jwenn yon nouvo travay, Ekip MassHire Department of Career Services, Rapid Response Repons (Rapid Depatman Sèvis ak Karyè MassHire) a, ofri sèvis gratis atravè Eta a pou anplwaye ki afekte nan revokasyon ak fèmti yo. Jwenn enfòmasyon sou resous Ekip Repons Rapid la nan **mass.gov/StewardResources**.

Resous Adisyonèl:

- Pou dènye mizajou, rele Depatman Sante Piblik Massachusetts la nan **617-468-2189**. (Lendi - Vandredi, soti 8 a.m. rive 6 p.m.) oswa vizite **mass.gov/StewardResources**.



Eskane kòd QR la pou aprann plis oswa vizite
mass.gov/StewardResources

